

Къыпызыщэ къыдэкIыгъуэ

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



Жэуаплыныгъэ хэлъу

4-нэ нап.



Бзэ къулейрэ щIэщыгъуэкIэ гъэнщIа

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№155 (24.593) ● 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР
2024, ГЪАТХЭПЭМ И 15-17
ЦИК.РФ

## Ищхъэрэ флотым къулыкъу щищIэнущ «Адмирал Головко»

**Санкт-Петербург дэт, кхъухьхэр щаухуэ «Северная верфь» заводым «Адмирал Головко» фрегатым хы-дзэ ныпыр щаIэтащ.**

А IУЭХУМ иращIэкIа зэхыхьэм хэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир. «Флотым кхъухьыщIэхэр къызэрыхэхъуэр и щыхьэтщ къэралым кхъухь ухуэнымкIэ и IэнатIэм зэрызиужьым икIи жыджэру дыхуокIуэ зэфIэкI зэхуэмыдэхэр яIэу дзэ Iуэхум хуэщIахэри щIыным. Къэралым кхъухьухуэ Iуэхум зыщегъэужьыныр, ар къэгъэщIэрэщIэжыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ. Иджыпсту кхъухь щаухуэ щIыпIэхэм, ахэр щызэрагъэпэщыж урысей псы Iуфэхэм щолэжь фрегати 5-м, корвети 8-м, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэуи 50-м щIигъум», - жиIащ Президентым.

КхъухьыщIэр Урысейм и Хы-Дзэ флотым Iэрыхьэнущ. Ар яухуащ иджырей технологиехэм тету икIи дзэ Iуэхухэм фIагъышхуэ иIэу къыщагъэсэбэп «Калибр» ракетэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Зэман гъунэгъум «Адмирал Головко» фрегатыр Ищхъэрэ флотым хыхьэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а Iуэхугъуэм теухуауэ социальнэ сетым щиIэ напэкIуэцIым щитхащ: «Фигу къэзгъэкIыжынщи, дэ Iуэхум хуэщIа кхъухьыщIэм зи цIэр фIаща адмирал Головко Арсений Григорий и къуэр ди хэкуэгъущ, Къэбэрдей-Балкъэрым хыхьэ Прохладнэ къалэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым ар Ищхъэрэ флотым и унафэщIу щытащ. Абы къулыкъу щызыщIэ хыдзэлIхэм Головко и фэеплъыр яхъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къокIуэхэри, флот унафэщI цIэрыIуэм и цIэм епха щIыпIэхэр зрагъэлъагъу. Адмирал Головкор аргуэру и къулыкъум пэрытщ, аргуэру ди Хэкум и ищхъэрэ гъунапкъэхэр ехъумэ! Фрегатым исынухэм, Ищхъэрэ флотым и хыдзэлI псоми ехъулIэныгъэ яIэну си гуапэщ».

## Ди республикэр щапхъэ яхуохъу

**УФ-м и Къэрал Советым и зэIущIэр гъэхьэзырынымкIэ Мэзкуу дыгъэгъазэм и 26-м щекIуэкIа семинар-зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар теухуащ егъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я пщIэмрэ я IэнатIэм и мыхьэнэмрэ хэгъэхъуэным.**

СЕМИНАРЫМ къриубыдэу КIуэкIуэ Казбек къекIуэлIахэм ядэгуэшащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектыр гъэзэщIа зэрыхъумкIэ. «Ар хуэгъэпсащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабийхэмрэ унагъуэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэным. Дэтхэнэ сабийри зэрыт щытыкIэм щыгъуазэу щытын хуейщ, ар психолог чэнджэщ е нэгъуэщI ирехъу, школым щеджэхукIэ уи нэIэ ятебгъэтын, курыт е щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэткIэ якIэлъыплъын, уеблэмэ лэжьапIэ увыху ядэIэпыкъун хуейщ. Мы Iуэхур нэгъэсауэ зэфIэкIын папщIэ, ущиякIуэхэм я мыхьэнэр инщ. «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» ди проектыр къыддиIыгъащ «Хэкур зыхъумэхэр» къэрал фондым», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Семинар-зэхуэсым къыщаIэта Iуэхухэр щхьэпэ хъунущ УФ-м и Президентым иригъэкIуэкIыну Къэрал Советым къудамэ къэс унафэ щхьэхуэ хуищIынымкIэ.

## ИлъэсыщIэ псей нэхъыщхьэм



**Хабзэ зэрыхъуауэ, Налшык и Музыкэ театрым щагъэува ИлъэсыщIэ псей нэхъыщхьэм цIыкIухэр ирагъэблэгъащ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэмрэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ.**

МУЗЫКЭ театрым ИлъэсыщIэ махуэшхуэхэм Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ щрагъэкIуэкIыну зэхыхьэхэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу сабий мини 10-м щIигъу. Абы хыхьэу махуэм тхуэ ягъэлъагъуэ «Гена-крокодил и его друзья» спектаклыр. Теплъэгъуэм хэтщ цIыкIухэм фIыуэ ялъагъу лIыхъужьхэр. Таурыхъыр зыгъэува режиссёрыр Крюков Романщ. Благъуэм и ролыр зыгъэзащIэр Налшык и курыт еджапIэ №2-м и егъэджакIуэ, «Илъэсым и егъэджакIуэ» хъуа Къэшэж Аслъэнщ. Сабийхэм артистхэм я джэгукIэр ягу ирихьащ, я гукъыдэжым хэзыгъэхъуа псей щIэращIэр къафыхьащ. Дэтхэнэми саугъэт иратащ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт зэрыжиIамкIэ, ИлъэсыщIэ псейм екIуэлIэнущ республикэм и районхэм я курыт еджапIэхэм я езанэ-етхуанэ классхэм щIэс еджакIуэхэр, сабий зеиншэхэр, зи узыншагъэм къимыхьхэр, бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщхэр. Сабийхэм я саугъэтхэр - КъБР-м и Правительствэм, концертыр - КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ.

- Зи узыншагъэм къимыхьхэм (зи тхьэкIумэм фIыуэ зэхимыхь, зи нэхэм фIыуэ ямылъагъу, ДЦП узыфэ зиIэхэм) дадолажьэ, я зэфIэкIым зыдогъэужь паралимп спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ (атлетикэ псынщIэ, тхэквондо, IэпщэрыбанэI, алыдж-урым бэнэкIэ), - жиIащ Спорт адаптивнэ школым и гъэсакIуэ Беридзе Аннэ. - Ди IуэхущIапIэм къекIуалIэ цIыкIухэр ИлъэсыщIэ псейм къыщрагъэблагъэм, я гуапэу къэкIуащ.

Дызытехьэ гъэр Унагъуэмрэ спортымрэ я илъэсу зэрагъэувар зэхыхьэм щыжаIащ. Аращ ИлъэсыщIэ псейм и программэр зытеухуауэ щытари.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЩIалэгъуалэмрэ къэралым и къэкIуэнумрэ

ЗэIущIэхэр

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва иджыблагъэ щахуэзащ щIыналъэм икIа щIалэгъуалэу къэралым и щыхьэрым щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтхэм, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм нэмыщI зэущIэм хэтащ Москва, Санкт-Петербург, Къэзан, Саратов, Дон Iус Ростов, Краснодар, Ставрополь, Пятигорск, Владикавказ къалэхэми щыщ зи щIалэгъуэхэр.**



КIУЭКIУЭ Казбек щIалэгъуалэм псалъэмакъ купщIафIэ икIи хьэлэмэт ядригъэкIуэкIащ. Ар тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм игъуэт социально-экономикэ зыужьыныгъэм, зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, зэIущIэм хэтхэм яIэ упщIэхэми жэуап яритащ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, дызэрыт илъэсым къриубыдэу республикэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ хэпщIыкIыу зиужьащ. «Апхуэдэ Iэмал нэхъыбэу къыдэзытар Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щыта лъэпкъ, федеральнэ проектхэм жыджэру зэрыхэтырщ», - игъэбелджылащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ ди республикэм икIауэ Москва еджэныгъэ, лэжьыгъэ IуэхухэмкIэ щыIэ щIалэгъуалэм щIыналъэм и пашэхэр дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну зэрыхьэзырым епхахэр. Республикэм щыщ щIалэгъуалэр зэщIэзыгъэуIуэну жылагъуэ зэгухьэныгъэ хъунущ КъБР-м и щIалэгъуалэм я ассоциацэр.

КъинэмыщIауэ, зэхуэсым къриубыдэу ягъэлъэпIащ «КъБР-р зэрыгушхуэ» зэпеуэм щытекIуахэр. Абыхэм иратащ щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэпеуэр мы гъэм япэу къыхалъхьащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэм я ассоциацэм. Ар диIыгъащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэщ республикэм, щIыналъэ псом я зыужьыныгъэм зи гуащIэ хьэлэл езыхьэлIэ щIалэгъуалэ жыджэрыр утыку къишэныр, абыхэм я зэфIэкIхэр хэIущIыIу щIыныр, ахэр гъэлъэпIэныр. УнэтIыныгъи 10-у зэщхьэщыхауэ екIуэкIа зэпеуэм щытекIуа цIыху 16-р щагъэлъэпIащ зэIущIэм. ИлъэсыщIэр къихьэмэ, апхуэдэ гулъытэ хуащIынущ республикэм ис щIалэгъуалэу а зэпеуэм пашэ щыхъуахэм.

Зэхуэсым крихьэлIа псоми республикэм ифI къызэрыкI ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну гуапэу ехъуэхъуащ КIуэкIуэ Казбек .



## IэщIэгъэлI нэхъыфIхэр Парламентым щагъэлъапIэ

**ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым зэрихабзэу республикэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэр егъэпажэ. Парламентым и ЩIыхь тхылъхэмрэ абы и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъхэмрэ дыгъуасэ хуагъэфэщащ цIыху 70-м щIигъум.**

- СИ ГУАПЭУ фыкъызогъэблагъэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм. ЗэрыфщIэщи, 2023 гъэр, иужьрей илъэсхэми хуэдэу, тынштэкъым, ауэ ар мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ, - жиIащ къызэхуэсахэм защыхуигъазэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. - Языныкъуэ къэралхэм Урысейм къызэрыпэщIэувэ Iэмалхэм иджыри пащэми, ди Хэкум зеузэщI, ипэкIэ мэкIуатэ. Ди псэукIэр нэхъыфI зыщI лъэпкъ парт проектхэр, федеральнэ къэрал программэхэр догъэзащIэ, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным, спортым епха IэнатIэщIэхэр доухуэ, ди уэрамхэмрэ пщIантIэхэмрэ зыхуей худогъазэ. Ар лэжьыгъэшхуэщ икIи апхуэдэ Iуэхухэр къыдэхъулIэным, шэч хэмылъу, мыбдеж щIэс дэтхэнэми и гуащIэ хэлъщ. Нобэ къедгъэблэгъащ егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, щIыуэпсым телажьэхэм, социальнэ IэнатIэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, жылагъуэ Iуэхухэм, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пэрытхэм ящыщ куэд. Фи лэжьыгъэр зэмыщхьми, зы Iуэхум фызэрегъэуIу - ар фи зэмани къаруи фемыблэжу фи къалэнхэр гурэ псэкIэ зэрывгъэзащIэрщ. Си фIэщ мэхъу адэкIи фи зэфIэкIым зэрыхэвгъэхъуэнур, республикэм и зыужьыныгъэм фызэрытелэжьэнур. Сыхуейт фызыхэт гупхэми фIыщIэ яхуэсщIыну, зэгъусэу дылажьэмэщ ехъулIэныгъэшхуэхэр щыдиIэнур. Къэблагъэ илъэсыщIэм IуэхуфIхэмрэ фи мурадхэмрэ къыщывэхъулIэну сынывохъуэхъу, мамыру, бэуытIэIуншэу, гукъыдэжрэ узыншагъэрэ фиIэрэ фIыщIэгушхуэн фи гъащIэм куэду хэту фыпсэуну си гуапэщ.

2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу зэрыщытар къалъытэри, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр республикэм и егъэджакIуэ гупыфIым хуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ: Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм и курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Бекъшокъуэ Лалусэ, Тэрч къалэм и курыт еджапIэ №3-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ ФиIэпщэ Людмилэ, Налшык къалэм и курыт школ №10-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Газаевэ ФатIимэ, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №33-м пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Москвитинэ Татьянэ, Тэрч районым и Тамбовскэ къуажэм и курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Багъэтыр Iэмират, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №23-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Жыгун Мадинэ, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №6-м и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Дмитрян Жаннэ, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэуи щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ ЕгъэджэныгъэмкIэ «Педагогика» Урысей академием и щIэныгъэ журналым и редактор нэхъыщхьэ Бозий Руслан. Щэнхабзэм щаIэ зэфIэкIхэм папщIэ ягъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоническэ оркестрым хэт артист пажэхэу Къэзанш Оксанэрэ Павловэ Иннэрэ. Республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэм, Тэрч налмэс заводым, Налшык къалэм и щыпIэ администрацэм, КъБР-м ЩIыуэпсымрэ экологиемкIэ и министерствэм я лэжьакIуэхэми, нэгъуэщI куэдми.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр иратащ республикэм и экономикэм, гъуэгу, социальнэ IэнатIэхэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм.

Дамыгъэхэр зратахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ. Абыхэм къыхагъэщащ зэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыху Iущхэр, ди щIыналъэм и къэкIуэнур зэлъытахэр ялъагъуныр зэрагуапэр. ТIуми илъэсыщIэ хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ кърагъэблэгъахэм.

ЗэIущIэр Егоровэ Татьянэ иухащ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Дропагэ фи зэфIэкIым. Фи лэжьыгъэм хуэфащэ дыдэщ Парламентым и дамыгъэ лъапIэхэр. Мы зэман мытыншым дэтхэнэри щIыналъэр зэревгъэфIэкIуэнум фыпылъщи, фи ехъулIэныгъэхэм хэхъуэ зэпыту екIуэкIыну ди гуапэщ. Дэ дэлъытаращи, хабзэ и лъэныкъуэкIэ зыфщIэдгъэкъуэнщ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### УнафэщIхэр ехъуэхъуащ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Илъэс къэс дыгъэгъазэм и 27-м ягъэлъапIэ КъегъэлакIуэм и махуэр. КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид, ЦIыхубэ зэхуэсым (Парламентым), КъШР-м и Правительствэм я унафэщIхэу Иванов Александррэ Аргун Муратрэ щIыналъэм и къегъэлакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэмкIэ ехъуэхъуащ.***

- КЪЕГЪЭЛАКIУЭ IэщIагъэр цIыхум къару, лIыгъэ хэлъыныр, гугъуехьым хэхуар зэхэщIыкIыныр, къэмыланджэжу щытыныр къыхуэзыгъэувщ. Сыт хуэдэ щытыкIэ гугъум итми дэIэпыкъуным, я гъащIэм емыблэжу цIыхур къегъэлыным хуэхьэзырщ урысей къегъэлакIуэхэр, - жаIащ абыхэм.

Къызэрыхагъэщащи, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъШР-м щыIэм Дзераев В. и цIэр зезыхьэ и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупыр къэралым щынэхъыфIхэм язщ. Илъэс 30-м щIигъуауэ абы и лэжьакIуэхэр ядоIэпыкъу республикэм щыпсэухэм, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм, щIыналъэм и курортхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуащI.

- Ди фIэщ мэхъу Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ фIыщIэ, пщIэ къызэрыфхуащIыр, фи лэжьыгъэр къазэрыгурыIуэр.

КъегъэлакIуэ лъапIэхэ, узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь, унагъуэ зэIузэпэщыгъэ фиIэну ди гуапэщ! - щыжаIащ унафэщIхэм я хъуэхъухэм.

### Айдэмыр и ехъулIэныгъэ



АДЫГЕЙ. ***Москва щызэхэтащ Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм игъэува «Урысейм и псэ» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм щратыжа зэIущIэ гуапэ. Абы и лауреатхэм ящыщщ «Зори Майкопа» сабий къэфакIуэ ансамблым и унафэщI Наныжь Айдэмыр.***

КЪИЛЭЖЬА дамыгъэмкIэ абы ехъуэхъуащ Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат икIи къыхигъэщащ нэхъапэм илъэс куэдкIэ «Налмэс» къэрал ансамблым и солисту щыта Наныжь Айдэмыр гулъытэ лъагэр хуэфащэ дыдэу къызэрыхуащIар.

- Айдэмыр УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэщ, Адыгейм, КъБР-м я цIыхубэ артистщ. Ноби абы и гуащIэр хелъхьэ къэфакIуэ гъуазджэм, ди гуп цIэрыIуэхэм къапызыщэну зэчиифIэ щIалэгъуалэр егъасэ, - къыхигъэщащ Адыгейм и Iэтащхьэм. Ар Наныжьым ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, творческэ мурадыщIэхэр иIэну, и гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм адэкIи иригуфIэну.

Саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ УФ-м и вице-премьер Голиковэ Татьянэ. Лауреатхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ абыхэм я лъэпкъ щэнхабзэр я цIыхухэм и мызакъуэу, ди къэралым, дуней псом зэрыхалъхьэр.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● adyghe@mail.ru ● adyghepsale.ru ● apkbr.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ● Адыгэ Псалъэ ●

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

# Сталиным и зыгъэпсэхугъуэхэр

● Гъэщlэгъуэнщ

**СССР-м и Iэтащхьэу илъэс 31-кIэ щыта Сталин Иосиф балигъыпIэ иувэри ныкъуэкъуэным хэкIакъым: щыIа пащтыхь хабзэм, къэрал кIуэцI, къэрал щIыб бийхэм лIэн-къэнэну япэщIэтащ, куэд зэригъэзэхуащ, дэрэжэгъуэу иIари мащIэщ. Мис а мащIэм щыщу абы игу къинэжауэ жыхуаIэжыр. Австро-Венгрием (иджы Австрие) и щыхьэр Венэ щигъэкIуа зэманырщ. Ар илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэуи щытауэ къыщIэкIынущ: Урысей империем къызэригъэзэжу Сталиныр яубыдри, Сыбыр жыжьэм яхуащ, къыщIэпхъуэжащ, яIэрыхьэжри, аргуэру нагъэсыжащ здэщыIа щIыналъэ ткIийм. Хуит къэзыщIыжар текIуа революцэрщ. АдэкIэ къэхъуам дэ зыгуэркIэ дыщыгъуазэщ.**



...1912 ГЪЭМ дыгъэгъазэм и кIэухым Польшэм и Краков къалэм къикIа мафIэгум исар илъэсыщIэм зыхуэзыгъэхьэзыр Венэ и уэрамхэм дыхьащ алыдж сатуущI Папондолпуролс Ставрос хуэдэу. ИпэжыпIэкIэ ар революцэ зэщIэхъееныгъэм жыджэру хэт, РСДРП-м и ЦК-м хагъэхьа Джугашвили Иосифт (Венэ кIуэн ипэкIэ ар яцIыхуу щытат «Васильеву», мы къалэм дэкIыжащ «Сталин» хъуауэ).

Зи гугъу тщIыр мыбы къэкIуат европей социалистхэм я зэIущIэм хэтын икIи «Марксизмэмрэ лъэпкъ Iуэхумрэ» лэжьыгъэр итхыу къытрыригъэдзэн и мураду. КъехъулIащ, лэжьыгъэм пщIэ къыхуащIащ, абы иужькIэ а Iуэхум кууэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIуи къалъытащ.

Австрием и щыхьэрым Сталиныр зыгъэкIуар Ленин Владимирт. Абы здэщыIэни къыхуигъуэтат: езым куэд щIауэ ныбжьэгъугъэ зыхуиIэ политэмигрант Трояновский зэщхьэгъусэхэм я деж. Александррэ Еленэрэ лIакъуэлIэшхэм къахэкIами, революцэ гупсысэхэм зыIэпашат.

Бысымхэм гуапэу ирагъэблэгъащ хьэщIэр, зыщIэсыну икIи щыжеину пэш кърататщ. Пэжу, къахуэкIуар абыхэм къащыхъуащ нэщхъыцэу икIи псэлъэгъуейуэ. Ауэ ар япэщIыкIэт. Зэман дэкIри, хьэщIэр езыгъэблэгъахэм яхэсыхьащ, гушыIэн зи мыжагъуэ цIыхуу къыщIэкIащ. ЗэлIзэфызыр хуэщIауэ псэурт, арщхьэкIэ куэдрэ лэжьэн хуей хъурт. Абы къыхэкIыу япхъу цIыкIу Галинэ хьэщIэм къыхуагъанэрт. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ пащIэ зытет сабий гъэудэIум и къалэнхэр дэгъуэу игъэзащIэрт. Абы ар паркым ишэрт щигъэджэгуну, IэфIыкIэхэр къыхуищэхурт. Сталиным и гулъытэр лъысырт Галинэ и дэлъху нэхъыщIэ Олеги. ИужькIэ вождь хъуам зэи щыгъупщакъым. Трояновскэхэ щигъэкIуа махуэхэр, абы зэи апхуэдэу гукъинэжу илъэсыщIэр игъэлъэпIэжакъым.

Москва 1917 гъэм къэзыгъэзэжа Александр меньшевикхэм я партым и цIэкIэ Учредительнэ зэхуэсым хахауэ щытащ. Язынықъуэхэм я деж большевикхэм я Iуэху еплъыкIэхэм япэжыжьэт. Нэмыцэхэм Брест и деж мамырыгъэ щращIылIа иужь абы РСДРП-р хьэм иригъэхьырт, Урысейр ящауэ жиIэу. Пэжщ, тIэунейрэ ягъэтIысащ, ауэ тIэуми Сталиным кърригъэлащ, Трояновскэм насыпыфIэу гъащIэшхуэ къигъэщIащ. Ар СССР-м и япэ посолу США-м щыIащ. Щыхуей дыдэм и деж пэрыуэншэу Сталиным и деж щIыхьэфырт.

Вождым Венэ апхуэдизкIэ гуапэу игу къинэжати, Сталиным абы щицIыхуа псоми зэи нэмыплъ яритакъым. ЖыIэн хуейщ абы итха «Марксизмэмрэ лъэпкъ Iуэхумрэ» лэжьыгъэр зыхуэгъэза КарлитIым - Каутскэмрэ Реннерэ, а зэманым «австромарксист»» жыхуаIэхэм я унафэщIхэм, я Iуэху еплъыкIэхэр хьэм иригъэхьу зэрыщытар. Япэ дунейпсо зауэм иужькIэ Реннер Карл политик цIэрыIуэ къыхэкIащ, канцлер, Къэрал советым, парламентым я Iэтащхьэ къулыкъухэр иIыгъащ. 1938 гъэм Совет властым и бий еруузэ къыщIидзат Австриер фашист Германием гухьэным и телъхьэу референдумым къызэрыщыувам къыхэкIыу.

ИтIани, 1945 гъэм и гъатхэм илъэс 75-рэ зи ныбжь Реннер советыдзэхэм я штабым къекIуэлIэн икIи Сталиным зэрызыхуигъазэ тхыгъэ къаритын шынакъым. Москва псынщIэу къикIащ жэуап кIэщI: «Реннер Карл дзыхь хуэфщI!». Сталиным и дауэгъуу щытар мыгувэу Австрием и канцлер, иужькIэ и япэ президент хъуащ. Венэ къыщицIыхуахэр хьэрэм пщIы мыхъуну къилъытагъэнт Сталиным...

Ауэ ар а къалэ телъыджэм щыдэса зэман дыдэм (1913 гъэм и щIышылэм) абы щыIат зи дуней тетыкIэми, зи Iуэху еплъыкIэхэмкIи, зыхущIэкъухэмкIи зыкIи зэмыкIуалIэ цIыху гуп: сурэтыщI хъуну зи мурада Гитлер Адольф, психоаналитик Фрейд Зигмунд, журналист Муссолини Бенито, хьэлъэзехьэ Титэ Броз, апхуэдэу Сталиным дэлэжьахэу икIи IэщIэкIуэдахэу Троцкий Леврэ Бухарин Николайрэ. Пэжу, иужьреитIым фIэкIа ар япэ итахэм зэи яхуэзакъым.

Мис апхуэдэу Сталиным илъэсыщIэр къыщригъэхьауэ щытащ къафэхэм я щыхьэрым. Иджы ар абы щыгъуэм зыщIэса унэм езым и фэеплъ пхъэбгъу фIэлъщ...

# Хэхъуэхэмрэ хэщIхэмрэ

● Мылъку

**Иужь илъэсхэм дэ сыт щыгъуи дыхуагъэхьэзыр дызыхыхьэ гъэр зэрыгугъунум. Уеблэмэ, десэжащи, апхуэдэу щытын хуейуэ къытщохъу. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэныращи, дыносри, дыщIэгузэвэнышхуэ щымыIауэ къыщIедзыж. Ауэ къытпэплъэ илъэсищым Урысейм и тхыдэщIэм увыпIэ хэха щаубыдыну къыщIэкIынущ а зэманым зэфIагъэкIыну я пщэ далъхьэжа къалэнхэм я инагъымрэ ахэр зыхуэдэхэмкIэ. Абы белджылыуэ щыхьэт тохъуэ федеральнэ бюджетыщIэм къыщыхьа бжыгъэхэр.**

НЭХЪЫЩХЬЭРАЩИ, псоми ялъагъу Урысейм лъэ быдэкIэ зэрызиужьыр. «Мащэ къэзытIыр мащэ йохуэж» псалъэжьыр ауэ сытми къежьакъым: Украинэм и неонацист хабзэр IэщэкIэ зэщIэзыузэда, ахъшэкIэ зыкуда КъухьэпIэр хущIэкъуащ абы и къарукIэ икIи санкцэ ткIийхэмкIэ ди къэралыр лъэгъуажьэмыщхьэу игъэувыну, арщхьэкIэ УФ-м и Президент Путин Владимир шэрыуэу зэрыжиIащи, «езым и лъакъуэм еуэжащ». Абыхэм я зэранкIэ Европэм и экономикэр зэIыхьащ, дэ ипэкIэ дыкIуэ зэпытщ. Мис щапхъэхэр.

2024 гъэм федеральнэ бюджетым и хэхъуэхэр сом триллион 35,6-рэ хъунущ (ВВП-м и процент 22,4-рэ). Адрей илъэситIым ахэр зымащIэкIэ нэхъ цIыкIунущ, ауэ абы къигъэпкIышхуэ щыIэнукъым.

Зэрыщыту къапщтэмэ, хэхъуэхэм нэхърэ хэщIхэр нэхъ инынущ, ауэ ари куэдкIэ зэщхьэщыкIынукъыми къэралым щIыхуэ къимыщтэу бюджетым щымыщу къаIэрыхьэ, мылъкумкIэ ирагъэкъужынущ зыхущыщIэхэр. - Зэвгъэпщэн папщIэ: нэдгъэс 2023 гъэм и бюджетыр зэхалъхьат хэхъуэхэр сом триллион 26,13-рэ, хэщIхэр сом триллион 29,56-рэ хъууэ.

Ахъшэхэр IэнатIэхэм щытрагуашэм дызэрыт щытыкIэр къалъытэри, псом япэ ирагъэщащ зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыныр, экономикэщIэ зэтеухуэныр, щIэуэ къыхыхьахэри яхэту, щIыналъэхэм мылъкукIэ зыщIагъэкъуэныр.

Дауи, къагъэлъэхъшакъым дэ псоми къытлъэIэс лъэпкъ проектхэм хуащI гулъытэр. Ахэр гъэзэщIэным трагъэкIуадэр зы сомкIи ягъэмэщIэнукъым. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм, псалъэм и хьэтыркIэ, гъуэгухэр ухуэным, хухаххэм хагъэхъуэнущ.

Ди дежкIэ псом хуэмыдэу гуапэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэпымыууэ я нэIэ зэрытрагъэтыр. Мыбдеж мылъку къыщыдагъахуэркъым. Къапщтэмэ, илъэсищым тещIыхьа бюджетищым ящыщ зым хуэдизыр мы IэнатIэм трагъэкIуэдэнущ. Псом хуэмыдэу зэгугъунур сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэщ. КIыхьлIыхь ящIынукъым: 2024 гъэм щIышылэм и 1-м мылажьэ пенсионерхэм я страховой пенсэхэм проценти 7,5-кIэ хагъэхъуэнущ. Апхуэдэу цIыху мелуани 10-м хуэдизым ялъэIэсынущ сабийхэр щапI унагъуэхэм ахъшэкIэ ират дэIэпыкъуныгъэр. Мыбы хыхьэркъым «анэ мылъку» жыхуаIэр тыным 2024 - 2026 гъэхэм трагъэкIуэдэну сом триллион 1,6-р. Ар яIэрыхьэнущ унагъуэ мелуани 4-м. Абыхэм къадэкIуэу сом триллион хуаутIыпщынущ цIыхухэр, абыхэм гу-лъынтхуэ уз зиIэхэри, сабий сымаджэхэри яхэту, хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным.

2024 гъэм ди къэралым щаухуэнущ школ 1300-рэ хуэдиз. Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIауэ щытынущ сабийхэр егъэджэным. Абы къыдэкIуэу школакIуэ мелуани 7-м ерыскъы пщтыркIэ шэджэгъуашхэ ирагъэщIынущ. Мы Iуэхум зы илъэсым трагъэкIуэдэнущ псори зэхэту сом мелард 72-рэ.

Мыхьэнэ ин зиIэ бжыгъэхэр апхуэдизу куэд мэхъури, уеблэмэ, уи нэхэр пфIызэблож, къахэпхынур умыщIэу. Зы IэнатIи яIэщIэхуакъым, гулъытэншэу къагъэнакъым. Ауэ узыфIэкI мыхъуну дэ дэгъэщIылIахэри щыIэщ. Илъэс дызыхуэкIуэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным сом триллион 1,5-рэ хухахынущ. А пIалъэм кърриубыдэу щIыналъэхэм бюджет зэхуаку трансферту сом триллиони 9 яIэрыхьэнущ. МылъкукIэ къызэрызэгъэпэщар зэхуэгъэдэным тещIыхьа дотацэхэр Iыхьэ плIанэкIэ нэхъыбэ ящIащ, илъэс къэс а Iуэхум сом зы триллион хухахынущ.

ЯпэщIыкIэ инфляцэр зыхуэдизым тещIыхьауэ хагъэхъуэнущ улахуэхэм, нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэм, лэжьапIэншэхэм ират ахъшэм.

ИкIэм-икIэжым илъэсищым тещIыхьа бюджетым къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуа лэжьыпхъэ псори зэфIэгъэкIыным трагъэкIуэдэнухэр. ЩIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщI IэнатIэхэми бюджетым щыщу яхуэфэщэн Iыхьэ ялъос.



# ЛIыгъэ щIапIэ ихуат

● Япэ итахэр

**Зэрыгъуэлъыжрэ фIыуэ щIами, я жеин къакIуэртэкъым Совет Союзым и ищхъэрэ щIыналъэм къулыкъу щызыщIэ сэлэтхэм. И пIалъэр къэсати, мыгувэу абыхэм ягъэзэжын хуейт къыздикIа щIыпIэхэм. ЩIалэхэр егупсысырт къапэщылъ гъуэгуанэм - куэд мыщIэу я адэ-анэхэм, я гъунэгъухэм, я ныбжьэгъухэм, я Iыхьлы-Iэулэдхэм зэраIущIэжынум.**

СЭЛЭТХЭМ армэ нэужьым зэхуэтхэну, зэрымыгъэгъуэщэну псалъэ быди зратат. Абыхэм яхэтт зы адыгэ щIали - ар Псыгуэнсу къуажэм щыщ Мыз ТIутIэт. Адрейхэми ещхьу, абы и нэгум къыщIыхьэр и адэ-анэрт, и къуэшхэрт, зыдэкIа хьэблэжьырт. АрщхьэкIэ сэлэт ныбжьыщIэхэм къапэплъэр нэгъуэщIт. Абыхэм дэнэ щащIэнт хьэщхьэрыIуэм ещхьу бий бзаджэр нэхущым къазэрытеуэнур. Зыми ищIэртэкъым махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу зауаем зэрыIухьэнур, езыхэм ящыщ куэди а мафIаем зэрихьынур ...

Фашистхэр ди хэкум къыщытеуэм, ТIутIэ зыхэт гупыр ягъэIэпхъуэ Мурманск. Абы зыкъомрэ щыIауэ, сэлэтхэр яшэ зауэр къыздэса Карелием. Абы щыгъуэт япэу ТIутIэ бийм пэщIэувэн хуей щыхъуари, шынэ, къикIуэт зымыщIэ, таучэл зыхэлъ зауэлIу зыкъыщигъэлъэгъуари.

Адыгэ щIалэр зыхэт взводыр фашистхэм езауэрт абыхэм яIэщIыхьа лъэгапIэр зыIэрагъэхьэжын я мураду. Япэ мазэхэм ди хэкум тыншу къыкIуэцIрыкIа нэмыцэхэм я гугъэт къизыгъэкIуэтын къару щымыIэу. Ди сэлэтхэр езыхэм нэхъ мащIэу гу къыщылъатэм, бийр нэхъ ерыщу къебгъэрыкIуэу хуежьащ. Абдеж къыхагъэщIащ ди взводым и командирыр. Ар щилъагъум, ТIутIэ адэкIэ хуэхьыжакъым - къыщылъэтри «фебгъэрыкIуэ, ныбжьэгъухэ» жери зричащ. Абы иужь иту щIэпхъуащ ди сэлэтхэри. ИкIи бийм къыIэщIахыжащ лъагапIэр. АрщхьэкIэ а зэхэуэм къыщытехуа шэ къутахуэм ТIутIэ адэкIэ игъэкIуакъым - фэбжьышхуэ къытехуэри уIэгъэщым яшащ. ИкIи абы щIэлъын хуей хъуащ пIалъэ кIыхькIэ.

Зэман дэкIри тIэкIу нэхъыфI къэхъужауэ, Мызыр зыщIэлъ пэшым къыщIохьэ зы медсестра хъыджэбз: абы и нитIыр къигуфIыкIырт, и Iэхэр и щIыбагъымкIэ ехьэкIауэ зыгуэри IэщIэлът. «Сэ сIыгъыр пщIэрэ?» - зыкъыхуегъазэ абы сэлэтым. «Дэнэ щысщIэн» жыхуиIэу, зауэлIым и щхьэр игъэсысащ. ИтIанэ хъыджэбзым иIыгъ газетыр зэкIуэцIихри, пэшым щIэлъ уIэгъэхэм зэхахыу къеджащ зэрихьа лIыгъэм папщIэ Мыз ТIутIэ «За отвагу» медалыр къызэрыратымкIэ указым.

Мазэ зыбжанэ дэкIри нэхъ зэтес хъужащ ТIутIэ и уIэгъэхэр. Ауэ ар зэуапIэ IэнатIэ Iухьэн хуэдэу иджыри ипIэ иувэжатэкъым. Апхуэдэу щыхъум, адыгэ щIалэр ягъакIуэ офицерхэр пIалъэ кIэщIкIэ щагъэхьэзыр еджапIэм. Лейтенант хъуауэ ар къеухри, хагъэхьэ 10-нэ гвардие дивизэ цIэрыIуэм щыщ 28-нэ полкым. Абы адыгэ щIалэм и пщэ къыщралъхьэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ - ар ягъэув тIасхъэщIэх взводым и командиру. Абы щыгъуэщ ТIутIэ зэфIэкIышхуэ зэриIэр, сыт хуэдэ къалэн гугъури къэмыланджэжу зэфIэзыгъэкIыф зауэлI нэсу зэрыщытыр нэхъри IупщI щыхъуар. Зэкъым, тIэукъым ар зи унафэщI взводыр нэмыцэхэм я хэщIапIэм зэрыкIуар икIи ди дзэхэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ бийм и тIасхъэ къахьу къызэрагъэзэжар. ТIутIэ куэдрэ ихуащ псэзэпылъхьэпIэ, зыбжанэри уIэгъэ хъуащ, ауэ зэман дэкIырти, фэбжь гуэри иIауэ умыщIэжыну, щIэрыщIэу пэрыувэжырт и зауэ IэнатIэ гугъум.

... Мыр къыщыхъуар Польшэрщ. Ди дзэхэр пIалъэкIэ къызэтеувыIауэ загъэпсэхурт. Сэлэтхэм зыхуагъэхьэзырт бийм зэребгъэрыкIуэнум, ауэ модрейхэм я къарур зыхуэдизыр ящIэртэкъым. Абдежым ТIутIэ ираджэри унафэ къыхуащIащ тIасхъэщIэх кIуэуэ фашистхэм ящыщ гъэр къащIу къагъэзэжыну. Арати, адыгэ офицер щIалэм и взводым щыщ щIалэ зыбжанэ зыщIигъури ежьащ жэщу. Бийм зыщигъэбыда щIыпIэм пэмыжыжьэу къыщыувыIэри, и зауэлIхэр игуэшащ гупищу. Куэдрэ а щIыпIэм деж щысащ я Iуэху къимыкIыу. Сытми, ныбжь гуэрхэр къалъагъу япэмыжыжьащэу. КъызэрыщIэкIамкIэ, нэмыцитI псыхьэ къакIуэрт. Гъунэгъу къазэрыхуэхъуу ятеуэри, зыр кIийгуоууэ щыхуежьэм хагъэщIащ, адрейр къэпышхуэм кърракуэри къагъэкIэрэхъуэжащ. Гъэр къащIар унтер-офицерт. Абы щэху куэд къыпкърахащ ди дзэм къапэщIэт фашистхэм я быдапIэм, Iэщэ-фащэкIэ зэрыхуэщIам теухуауэ.

... КIуэ пэтми ди армэр нэхъ гъунэгъу хуэхъурт фашист Германием. Зыр зым кIэлъыкIуэу дыдейхэм хуит къащIыжырт бийм иубыда къалэхэр, къуажэхэр, щIыналъэхэр. КIуэтэху къыхэхъуэрт ТIутIэ и взводым и пщэ къыдэхуэ къалэнхэми. Ахэр куэдрэ щахуэзэ къэхъурт езыхэм нэхърэ фIыуэ нэхъыбэ бий сэлэтхэм. Ауэ зэи къагъэззэжыртэкъым я къалэныр ямыгъэзащIэу.



Берлин нэсыным километр 200 фIэкI имыIэжу аргуэру уIэгъэ хъури ТIутIэ абдеж щиухащ и зауэ гъуэгуанэр. Сымаджэщым къыщIатхыкIыжа иужь абы къегъэзэж щалъхуа щIыпIэм. ЯпэщIыкIэ ар лэжьащ комсомолым и Аруан райкомым и секретару, итIанэ партым и райкомым и отделым и унафэщIу. ИужькIэ хах Псыгуэнсу дэт колхозым и парт организацэм и секретару. Ар илъэс зыбжанэкIэ зэрихьэуэ, ягъэув къуажэ Советым и тхьэмадэу.

Сыт хуэдэ IэнатIэ Iутами, ТIутIэ гурэ псэкIэ хуэлэжьащ и жылэжьым, и лъэпкъым, и хэкум. Ар щIэх-щIэхыурэ яIуущIэрт школакIуэхэм, къытщIэхъуэ щIэблэм. Абыхэм яхуиIуэтэжырт зауэ зэманым ди сэлэтхэм лIыгъэу зэрахьар, ди хэкур бий бзаджэм къыIэщIэзыхыжахэм яхуэфащэу дунейм тетын зэрыхуеймкIэ чэнджэщ яритырт.

ЗэуапIэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм къыпэкIуэу, Псыгуэнсу щыщ офицерым къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и орден етIуанэ нагъыщэ зиIэу тIу, иужькIэ а орден дыдэм и япэ нагъыщэр, медаль зыбжанэ. Пенсэ кIуэуэ тIысыжа нэужьи, ар жыджэру хэтащ къуажэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм - зауэм щыIахэм я Советым и тхьэмадэу щытащ.

Зыдэс хьэблэми жылэми пщIэшхуэ щиIэу, цIыхум чэнджэщэгъу, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу дунейм тетащ Мыз ТIутIэ. ТIасхъэщIэх взводым и командиру щыта офицер хахуэм зэуапIэ губгъуэм щызэрихьа лIыгъэр гулъытэншэу къагъэнакъым - абы и цIэр фIащыжащ езыр щыпсэуа уэрамым.

ПсэухукIэ ТIутIэ тепсэлъыхьыжакъым 1942 гъэм илъэс нықъуэкIэ снайперу зэрыщытам. Иужь илъэсхэм архивхэм къыщагъуэтыжа тхылъымпIэхэм къызэрыхэщымкIэ, абы хигъэщIащ фашист 30-м щIигъу.

... 2001 гъэм дунейм ехыжащ зауэлI хахуэу щыта Мыз ТIутIэ. Ар нобэми ящыгъупщакъым хьэблэми къуажэми икIи щхьэусыгъуэ гуэркIэ жылэм гуп щызэхыхьамэ, IэфIу ягу къагъэкIыж хабзэщ.

ЩIэблэ хъарзынэ, щIэблэ узыншэ къызэринэкIащ а лIым. И щхьэгъусэ Женэрэ абырэ зэдапIащ быних - къуиплIрэ пхъуитIрэ: Хьэсэнбий, Хьэзрит, Хьэжмурат, Хьэжысмел, Ленэ, Лидэ сымэ. Хьэсэнбийрэ Лидэрэ и гъуэ нэмысу дунейм ехыжащ. ТIутIэ и къуэхэмрэ ипхъу нэхъыжьымрэ къытепщIыкIыжахэр - я цIыкIуи я ини - 50-м щIегъу. Ахэр, шэч хэмылъу, ирогушхуэ хэкур зыIэщIэзылъхьэну хэта фашистыдзэм лIы хуэдэлIу пэщIэта, цIыху хуэдэ цIыхуу зи гъащIэр къезыхьэкIа апхуэдэ адэ, адэшхуэ, нэхъыжьыфI зэраIам.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

# Лъэсырызек Iуэр блэгъэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ зыплъыхьакIуэ къихьэхэмрэ зыкъом щIащ гу зэрылъатэрэ жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ жэрдэмхэр ядиIыгъыу телечэщанэр щхъуэкIэплъыкIэу къызэрызэщIэблэм. КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу зэрагъэпэщыжа телечэщанэ цIэрыIуэр цIыхубэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ гулъытэ хэха зратын хуей махуэшхуэхэм ирихьэлIэу къызэщIагъанэ.**

АПХУЭДЭУ ар плъыфэ зэщIэжьыуэхэмкIэ къызэщIагъэблат Сабий мылъхуэсхэм я дунейпсо махуэм, Мэзыр хъумэным и махуэм, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм. Мызыгъуэгуми ар зэщIэпщIыпщIэу къызэщIэнащ «ГущхьэIыгъ щэныфIэ. ХабзэщIэкъу гъуэгурыкIуэ» зыфIаща хэгъэгупсо жэрдэмым зыдищIу, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр къигъэлъагъуэу.

ЗэрытщIэщи, гъуэгухэм жылагъуэ-экономикэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. ЩIыналъэхэмрэ жылэхэмрэ зэрызэпищIэм, цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ щIэхыу зэрызэлъигъэIэсым къыхэкIыу, гъуэгум щызэхэзекIуэм я бжыгъэм хохъуэ, уеблэмэ дяпэкIи нэхъыбэ хъуну фIэкIа, хэщI иIэнукъым. Апхуэдиз зэхэзекIуэм, жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухэм фIагъ куэд къызэрыхуихьым хуэдэу, и ягъэ къыщыхэкIи къохъу - машинэ зэжьэхэуэм цIыхухэр хокIуадэ, фэбжь къыхах. Мис а къэхъугъэ шынагъуэхэр гъэмэщIэным, гъуэгум тетхэм сакъыныгъэр ящыгъупщэ зэрымыхъуным теухуащ мы махуэ зытIущIым телечэщанэм къызэпхидз нур щхъуэкIэплъыкIэр.

Гъуэгум шынагъэ къыщымыгъэхъунымкIэ къэрал къулыкъущIапIэм илъэс къэс къыхалъхьэ жэрдэмыр даIыгъкIэрэ, дыгъэгъазэм и 25 - 27-хэм сыхьэт 17.00-м щегъэжьауэ 24.00-м нэсыху телечэщанэм нэхур къызэпхызыдз техникэр утIыпщауэ щытынущ. Телечэщанэм и лэжьыгъэм кIэлъыплъхэм зэрыжаIэмкIэ, нурым идзыну уджым пиксель мини 10340-рэ хъу уэздыгъэ цIыкIухэмрэ нурыдз уэздыгъэшхуэхэмрэ (прожекторхэмрэ) къатощ. Абы Iэмал къет нэхум зызыхъуэж плъыфэбэхэр джэгуурэ зэблигъэкIынымкIэ, и пIэм имыкI теплъэгъуэхэмрэ къэзыуфэрэзыхь сурэтхэмрэ зыр зым иужь иту уэгум къридзэнымкIэ. Уэздыгъэ цIыкIухэри уэздыгъэдзхэри дунейм и щытыкIэ зызыхъуэжхэм хуэщIащ, псыIагъым щыхъумащ, уэздыгъэ къаруушхуи имышхын хуэдэу гъэпсащ.

МахуэщI телечэщанэ джэгум къыхуеджэныгъэ зыхэлъ сатыр ежэкIхэри къытридзэнущ. Апхуэдэщ «Лъэсырызек Iуэр блэгъэкI», «ЗэпрыкIыпIэм лъэсырызекIуэр къытехьащ», «ЛъэсырызекIуэ, сакъ», «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - гъуэгу фэбжьыншэу» жыIэгъуэхэр.

**ШУРДЫМ Динэ.**



# Благъуэм и гъэм фымыбэлэрыгъ

● Махуэгъэпс

**2024 гъэр Пхъэ Благъуэ Удзыфэм и илъэсщ. Тхьэгурымагъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэфэ тету а псэущхьэр куэдрэ къакIуэркъым: илъэс 60-м къриубыдэу зэ закъуэщ, абы къыхэкIыу ди гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыхелъхьэ. Ахэр фIыуи Iейуи къыщIэкIынкIэ хъунущ. Псори зэлъытар дэтхэнэми и бгъэдыхьэкIэрщ. Благъуэр хьэлэлщ, псоми яхуэпсэуну хуейщ, ауэ хьэрэмышхэм, пцIыупсхэм, щхьэхынэхэм ятеплъэ хъуркъым. СлIожь, дыбэлэрыгъынкъым.**

АУЭ МЫДЭКIЭ къэдгъэззэжынщи, къэдгъэлъэгъуэнщ дызыхыхьа илъэсыр адрейхэм нэхърэ зэрынэхъ кIыхьыр: махуэ 366-рэ мэхъу. Аращи, зы махуэкIэ нэхъыбэрэ дылэжьэнущ.

Дызэресащи, щIышылэм дгъэхъэнышхуэ щыIэкъым: лэжьэгъуэу хэтыр махуэ 17 къудейщ, адрейхэм дыщысщ. Зэуэ жытIэнщи, дызыхыхьэ илъэсым нэхъ щIэкъуза дыдэу хэтыр мазитIщ - бадзэуэгъуэмрэ жэпуэгъуэмрэщ: дэтхэнэми лэжьэгъуэ махуэ 23-рэ къегъэпкI. ЖытIэнщи, а мазэхэм зызыгъэпсэхухэм ахъшэ нэхъыбэ яIэрохьэ (и щхьэусыгъуэм ди газетым дыщытепсэлъыхьауэ щытащи, къытедгъэззэжынкъым). ЩIышылэм Урысейм зэуэ щагъэлъапIэ гуфIэгъуитI - ИлъэсыщIэмрэ Хъуромэмрэ (щIышылэм и 7), ауэ ахэр арыншами мылэжьэгъуэ махуэхэу зэрыщытым къыхэкIыу, тIури ягъэIэпхъуащ накъыгъэм и 10-мрэ дыгъэгъазэм и 31-мрэ. Урысейхэм мы гъэм дыгъэгъазэм и 30-м зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм щIадзэнурэ, щаухынур етIанэгъэ щIышылэм и 8-рщ.

ДызыхуэкIуэ илъэсым Хэкум и хъумакIуэм и махуэ мазаем и 23-мрэ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-мрэ мэремым хуозэ. Аращи, махуищкIэ дыщысынущ.

Зыкъом щIауэ зоныкъуэкъу илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр накъыгъэм и пэщIэдзэм къэхьыным теухуауэ... ЗэкIэ зэрытегъэкIуакъым, ауэ IыхьитI иращIыкIащ. Мэлыжьыхьым и кIэм цIыхухэр зэкIэлъыкIуэу махуи 6-кIэ лэжьэнурэ, абы и 28-м къыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 2 пщIондэ - махуи 4-кIэ - щысынущ, итIанэ аргуэру накъыгъэм и 9 - 12-хэм загъэпсэхунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и махуэщ. Ар мы гъэм зытехуэ бэрэжьейр гуфIэгъуэщи, лэжьэгъуэ махуэкъым.



ЩэкIуэгъуэм и 4-р - ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр - блыщхьэм тохуэ. Урысейхэр щысу а махуэр ягъэлъэпIэнущ - арщхьэкIэ щэкIуэгъуэм и 2 щэбэтым лэжьэн хуей хъунущ, мэлыжьыхьым и 30-м зэрыщысар япшыныжу.

Дэ иджыри къэс зи гугъу тщIар къэрал псом зэхуэдэу ягъэлъапIэ гуфIэгъуэхэрщ. Ауэ щхьэж зыщыпсэу щIыпIэм елъытауэ абыхэм яIэнущ щымылэжьэну нэгъуэщI махуэхэри - щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр хуитщ езыхэм къезэгъыу къызэралъытэм тещIыхьауэ абыхэм ятеухуа унафэхэр къащтэну. Псалъэм и хьэтыркIэ, ди республикэм зыкъом щIауэ Гъатхэпэм и 28-р Балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэу щагъэлъапIэ. ЦIыхухэр щысщ накъыгъэм и 21-ми - ар Адыгэхэм я щыгъуэ махуэщ. Ауэ ар нэщхъеягъуэм ехьэлIамэ. Адыгэхэм я махуэр щытщ егъэлеяуэ гукъыдэж къыдэзыт, лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, дызэрызыгъэцIыхуж гуфIэгъуэу. Ар зыхуэзэр фокIадэм и 20-рщ.

Диныр къыгуэхыпIэ имыIэу ди гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ. Адрей псоми къахэщхьэхукI гуфIэгъуитI яIэщ муслъымэнхэм - НэщIикIыж, Къурмэн хьид махуэшхуэхэр. Абыхэм я япэ махуэхэм ди цIыхухэр щысщ. Ауэ мыбы зы хэлъщ: щагъэлъапIэ махуэхэр илъэс къэс зэрызэтемыхуэм къыхэкIыу, абыхэм егъэщIылIа унафэ щхьэхуэхэр КъБР-м и Iэтащхьэм къыдигъэкIын хуей мэхъу.

Апхуэдэущ дызытеувэ 2024 гъэр зэретхьэкIынур. ЖызыIэн щыIэщ: «Ущысри, гуфIэгъуэхэм уахэтри хъарзынэщ, уи лъэр жан къэзыщIын уиIэмэ». Захуэхэщ: дэрэжэгъуэм и къыхэкIыпIэ нэхъыщхьэр лэжьапщIэхэрщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ахэр зыхуэдизырщ.

Къэхъуну псор зыщIэр ди Тхьэшхуэрщ, ауэ шэч зыхэмылъыжрати, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ бюджетым ирипсэу урысейхэм я нэхъыбэм я улахуэхэм проценти 9,8-кIэ заIэтынущ. Iыхьэншэ ящIынукъым нэгъуэщI IэнатIэхэм пэрытхэри. Аращ къэкIуэну илъэсым и шыфэлIыфэхэу щытынур.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

